

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran nu ditétélakeun di bab IV, kapanggih aya 70 data paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Sakabéh data nu kapaluruh dipasing-pasing dumasar tujuan nu rék dihontal nyaéta (1) omongan nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, (2) maksud polah ucap dina unggal paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, jeung (3) komponén polah ucap nu mangaruhan kana kagiatan paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

- a. Dina paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, kapaluruh aya 73 omongan nu kaasup kana omongan nu ngukuhan jeung ngarempak prinsip kasopanan, lantaran dina omongan nu ngukuhan prinsip kasopanan jeung ngarempak prinsip kasopanan kapaluruh aya sababaraha data nu ngandung dua maksim kasopanan. Éta prinsip kasopanan masing-masing diwincik kana wengkuan maksim kasopanan nyaéta, (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim katumarima, (3) maksim pangcocog, (4) maksim kasimpatian, (5) maksim balabah, jeung (6) maksim handap asor. Dina omongan nu ngukuhan prinsip kasopanan kapaluruh 37 data omongan nu kaasup kana omongan nu ngukuhan prinsip kasopanan. Sedengkeun omongan nu ngarempak prinsip kasopanan kapaluruh aya 36 data omongan. Data omongan nu ngukuhan maksim katumarima kaasup pangréana muncul (19 data omongan), lantaran dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata loba omongan nu ngalobaan kauntungan keur batur jeung nyieun mitra tutur ngarasa dihargaan. Data nu pangsaeutikna muncul katitén dina omongan nu ngarempak maksim handap asor (1 data omongan).

- b. Dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata ayana maksud polah ucap nu diwincik kana wengkuan maksud polah ucap nyaéta (1) polah ucap komisif, (2) polah ucap impositif, (3) polah ucap éksprésif, jeung (4) polah ucap asértif. Polah ucap komisif mangrupa maksud polah ucap nu pangréana muncul (20 data omongan). Sedengkeun maksud polah ucap nu pangsaeutikna nyaéta polah ucap asértif (16 data omongan).
- c. Komponén polah ucap nu mangaruhan kana lumangsungna komunikasi prinsip kasopanan nyaéta komponén UNGKARA, nu ngawengku undak usuk basa, nu make jeung nu dicaritakeun, galur omongan, kasang tukang waktu, tempat, jeung suasana, alat nu digunakeun, jeung amanat omongan.
- 1) Undak usuk basa nyoko kana ragam basa nu digunakeunana, ragam basa nu pangréana digunakeun nyaéta basa loma (42 data paguneman), sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta basa kasar (6 data paguneman).
  - 2) Nu maké basa dina paguneman mangrupa palaku dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata nu kapaluruh aya 27 palaku nu pangréana dikedalkeun ku umur nu geus kolot (22 palaku) jeung dikedalkeun ku waruga lalaki (19 palaku) dina kaayaan méntal pinter (10 palaku) sarta kamahéran basana capétang (14 palaku), sedengkeun dina nu dicaritakeun mangrupa obyék nu dipasing-pasing dumasar jalma, barang, jeung kajadian salaku obyék nu dicaritakeun, data jalma salaku obyék nu dicaritakeun nu pangréana muncul (37 data paguneman).
  - 3) Data galur omongan nu pangréana muncul aya dina data galur omongan lakuning rasa (26 data paguneman), hartina loba omongan dina paguneman nu bisa mangaruhan pamiarsa.
  - 4) Data kasang tukang tempat nu pangréana muncul nyaéta data kasang tukang di imah (48 data paguneman), data kasang tukang waktu nu pangréana muncul nyaéta dina waktu beurang (18 data paguneman) lain ti éta aya ogé data paguneman nu teu jelas kasang tukang waktuna (48 data paguneman), hartina lumangsungna komunikasi bisa isuk-isuk, beurang, atawa peuting. Sedengkeun kasang tukang suasana nu pangréana aya dina suasana informal atawa teu resmi (65 data paguneman).

- 5) Alat nu digunakeun dina komunikasi nu pangréana muncul nyaéta basa lisan (59 data paguneman), lantaranana loba omongan dina paguneman nu teu puguh adegan kalimahna.
- 6) Komponén rasa ngawengku rasa sedih, keuheul, reserp, ningnang, yakin, ragu-ragu, jeung simpati. Data nu pangréana muncul aya dina rasa yakin (25 data paguneman). Dina komponén nada ngawengku nada sinis, nyungkun, ceplak pahang, meupeuh lemes, jeung panasaran. Data nu pangréana muncul aya dina nada nyungkun (25 data paguneman). Sedengkeun dina komponén ragam basa ngawengku ragam basa hormat jeung ragam basa loma. Data nu pangréana muncul aya dina ragam basa loma (41 data paguneman).
- 7) Dina komponén amanat ngawengku ngawawarkeun, nanya, maréntah, cumeluk, jeung ngahulag. Data nu pangréana muncul nyaéta amanat nu ngawawarkeun (35 data paguneman).

## 5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan dina widang pragmatik. Dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun nu maca ieu panalungtikan bisa ngarti kana makéna basa binarung ku kasopanan nalika diajak nyarita jeung batur. Sanajan kitu, dina ngagunakeunana ogé kudu luyu jeung aturan makéna basa Sunda sangkan basa Sunda téh bisa digunakeun kalayan bener tur merenah. Ku ayana pedaran ngeunaan prinsip kasopanan dina paguneman, dipiharep masarakat bisa leuwih paham omongan nu sakuduna dikedalkeun nalika keur ngalakukeun komunikasi jeung batur, sarta bisa leuwih wanoh kana undak usuk basa.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan nu didadarkeun di luhur, aya sababaraha rékoméndasi patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan ngulik ngeunaan kabasaan dina ragam tinulis, nyaéta karya sastra dina wangun kumpulan carpon nu medar ngeunaan prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Ku kituna, dipiharep ayana panalungtikan husus nu medar ngeunaan prinsip

kasopanan dina ragam lisan nyaéta paguneman di kahirupan masarakat sapopoé.

- b. Pikeun ngajembaran ulikan kabasaan hususna kapragmatisan prinsip kasopanan, dipiharep leuwih dijembaran kana ulikan nu dipedar, teu ngan sawates nganalisis omongan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap.